

Yon Mizajou nan plan pou 7 Oktòb 2024 la

1ye Oktòb 2024

Chè Kominote ki sou Kanpis la,

1ye Septanm nan, Mwen [te anonse](#) entansyon nou pou n òganize sèlman evènman inivèsite a soutni nan dat 7 Oktòb 2024 la. Nou te pran desizyon sa a sou rekòmandasyon Depatman Polis Inivèsite Maryland (University of Maryland Police Department, UMPD) nan, nou gen sekirite kòm prensipal preyokipasyon an.

Nou kwè ak konviksyon nan dwa libète ekspresyon chak moun jan Premye Amandman an di a, epi nou te travay ak gwoup etidyan anrejistre ki te gen rezèvasyon pou 7 Oktòb la nan lide pou repwograme yo, an akò ak politik nou. Tout gwoup yo te resevwa pwopozisyon rezèvasyon espas pou aktivite ki la pou moun eksprime yo nan 24 è ki vin apre peryòd demann inisyal yo a.

17 Septanm nan, Konsèy Relasyon Amerikano Islamik (Council on American-Islamic Relations) ak Palestine Legal te anonse yon plent nan non chapit Students for Justice in Palestine's (SJP) kont Inivèsite Maryland paske li pa t pèmèt evènman yo a fèt nan dat 7 Oktòb la jan yo te mande oparavan.

Yon òdonans jodi a ki enpakte operasyon nan kanpis nou an.

Jodi a, yon jij nan Tribinal Distri Etazini pou Distri Maryland akòde demann SJP a pou yon enjonksyon preliminè, ki li menm egziye pou Inivèsite a retabli rezèvasyon SJP pou McKeldin Mall nan dat 7 Oktòb 2024 la, sou rezèv yon kosyon Tribinal la enpoze SJP.

Inivèsite Maryland nan rekonèt epi li respekte desizyon tribinal la epi li pral travay ak tout etidyan anrejistre òganizatè evènman yo te mande nan dat 7 Oktòb la. Òganizatè evènman yo, responsab kanpis la ak UMPD pral mete yon plan sou pye k ap pèmèt tout evènman yo dewoule konfòmman ak òdonans jij la.

Òdonans jij la fè konprann, an pati:

Byenke yo otorize pawòl ak eslogan SJP yo nan dat 7 Oktòb la, yo p ap otorize pyès konpòtman negatif Premye Amandman an pa pwoteje li menm—yo gen ladan yo tout aksyon ki ankouraje vyolans fèt, menas fizik oswa vèbal, anpeche nenpòt etidyan nan klas yo oswa nan batiman yo, nenpòt kalite domaj materyèl li ye a, okipasyon batiman yo, fè kanpin, epi an jeneral, pase sou tèt mezi rezonab kontwòl foul pèsonèl sekirite a mete an plas. Yo ka arete moun ki vyole prensip sa yo epi/oswa mete yo deyò sou kanpis la. Y ap aplike règleman politik Inivèsite a konsènan evènman sou kanpis la jan sa ye kounye a nan tout entegralite l.

Enpòtans primòdyal sekirite

Depi 7 Oktòb 2023, plizyè dizèn aktivite ekspresyon - ki reflete divès pwennvi - te fèt sou kanpis la epi yo te dewoule san pètibasyon enpòtan nan operasyon sou kanpis la.

Pita an Out, kominikasyon san parèy ki te gen nati preyokipan epi menasan te rann chèf UMPD a, David Mitchell, ansanm ak mwen, ekspriye preyokipasyon nou pou sekirite kanpis la nan dat 7 Oktòb 2024 la. M te mande yon evalyasyon menas yo, sa ki te fè nou limite evènman yo ak sa inivèsite a soutni yo sèlman. Malgre òdonans

tribinal la jodi a, preyokipasyon sa yo rete yon sous atansyon ak konsantrasyon pou nou.

An konfòmite ak desizyon tribinal la, nou pral kontinye ak evènman yo, pandan n ap abòde preyokipasyon ak defi ki asosye ak li yo avèk swen epi prekosyon, ladan l, n ap mete sou pye yon plan sekirite solid. L ap gen ladan yon ranfòsman pèsònèl ak resous yo, ak yon gwo prezans sekirite.

Kòm rapèl, si w ta sispèk yon bagay, siyale sa. Ou ka kontakte UMPD 24/24, 7/7 nan 911 oswa [301.405.3333](tel:301.405.3333).


Onore premye anivèsè a

Tretman evènman ane pase yo te gen yon enpak emosyonèl sou anpil manm nan kominote nou an, epi nou la pou ede ou. Anpil moun te viv pèt yon pwòch, doulè, ak soufrans, epi [resous yo disponib pou ou](#).

Mwen mande pou w pa ezite chèche sipò. Mèsi pou tout sa w fè pou kamarad Terps ou yo.

Sensèman,

Darryll J. Pines

A handwritten signature in black ink that reads "Darryll J. Pines". The signature is fluid and cursive, with the first name "Darryll" being larger and more prominent than the last name "Pines".

Prezidan, Inivèsite Maryland

Li (Pwonon Maskilen)

Twitter (X): [@President_Pines](#)

Instagram: [@President_Pines](#)